Къэрал экзаменхэм зыхуагъэхьэзыр

2-нэ нап.

Еджагъэшхуэм и Іэужь нэхухэр

2-нэ нап.

Адыгэлі щыпкъэ

3-нэ нап.

Къандурыр Москва ягу къыщагъэкІыж

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№44 (24.638) ● 2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Зы сыхьэт хуэдизкІэ джэгур зэпагъэуат

4-нэ нап.

Гуныкъуэгъуэ зиІэхэр нэхъ мащІэ мэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэу щыІэ Лъынэ Светланэ лэжьыгъэ Іэухукіэ хуэзащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

2023 гъэм къриубыдэу уполномоченнэр хэпльащ сабийхэмрэ былигъэпІэ имыуда ныбжьыщІэ зыщІэс унагъуэхэмрэ я Іэухукіэ зыкъыззэрыхуагъэза лъэІу 323-м. Абыхэм ящыщу 125-р унафэ зытепщІыхьын хуэдэтри, икІэщІыпІэкІэ зэфІагъэкІащ.

КъищынэмыщІауэ, лъэІу куэд теухуащ адэ-анэм я къалэныр тэмэму зэрамыгъэзащІэм. Ауэ къыхэгъэщІпхъэщ иужьрей зэманым тхьэусыхэр куэдкІэ нэхъ мащІэ зэрыхъуар. ІэщІагъэлІхэм зэрыхуагъэкъыхэкІыр унагъуэхэм сабий зэрыхуэсакІэр зэрадэІэпыкъурщ, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, спортым теуха лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрагъэзащІэрщ.

КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ еджакІуэхэр гъэсэным, щыпкъэу, хэкупсэу, цыхъ хуэдэу къэгъэхъуным телэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Щэбэт щыхьэху

Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ ягъэдахэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и унафэкІэ, мэлыжьыхьым зэрыщІидзэрэ щэбэт щыхьэхуэхэр йокІуэкІ, щІымахуэ лъэхъэнэм уэсымрэ уэтІпсытІымрэ фейцей ищІа щыІуэпсыр къагъэщІэращІэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ ягъэдахэ.

ЩэбэТ кІуам екІуэкІа щыхьэхум республикэ псор хэтащ. Ар хуэунэтІауэ щытащ нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным, апхуэдэуи зы махуэ улахуэр хуагъэкІуащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, абы ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм, фызабэхэм, тылым щылэжьахэм, фашист гъэрыпІэхэм исахэм. Фигу къэдгъэкІыжьинщи, накъыгъэм и 9-м - ТекІуэныгъэм и махуэм - ирихьалІэу ветеранхэмрэ Къбэрдей-Балъкъэрым зэпымыч иц фызабэхэмрэ мы гъэм иратынущ сом мини 100 зырыз (нэгъабэ иратар сом мин 75-рэщ), тылым щылэжьахэмрэ зи сабиигъуэр зауэм хиубыдэу гъэрыпІэхэм исахэмрэ сом мин тхурытхкІэ яхуэупсэнущ.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ зэщІуэзэда къарухэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я ветеранхэм я республикэ жылагъуэ зэгухэныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюзхэм я федерацэмрэ къахалхьэу, КъБР-м и Іэтащхьэм ядиІыгъа Іуэхур республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ жыдэжру щекІуэкІащ. Щэбэт дыгъэпс пщэдджыжьым Аруан районым щыпІэ хэхахэр, пщІантІэхэр, паркхэр, гъуэгухэр, уэрамхэр зэлъыІуахьыну къыдэкІащ Іуэхущ Іапі э зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэр, школакІуэхэр, егъэджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр, дохутырхэр, хъэрычэтыщІэхэр, пенсэм щыс нэхъыжьыфІхэр, депутатхэр, кІуныкъуущІэхэр.

Щыналъэм щыпщІэн гъунэжт, цыхъухэм зэущІапхъэнкІащ жыг тхьэмпэхэр, кІэрыкубжьрыхухэр зэщІакъуащ, удз гъэгъа зэрыт клумбэхэр ягъэкъэбзащ, щІэхэр хасащ, гъуэгущхьэхэр теплъафІэ ящІащ, жыгхэр яухъуэнщІащ.

Нарткъалэрэ Аруан районымрэ я щыпІэ самоуправленэм и депутатхэм Комсомол паркыр къыззщІакъуащ, «Нарткъалэ ди унэ хуэдэщ, ар къабзэу, дахэу щыгъэтыныр щыпсэухэм ди зэхуэдэ къалэнщ», - жаІэрт щэбэт щыхьэхум жьыджэру хэтхэм. Лэжьыгъэ нэхъ мащІэ щекІуэкІакъым райцентрым къедза жылэхэми, амбулаторэхэм, гъэсапІэхэм, еджапІэхэм я теплъэмрэ пщІантІэмрэ зыхуей хуагъэзащ, пхъэнкІий идзапІэкэр зэлъыІуахащ, гъуэгухэр ягъэкъэбзащ.

Мы Іуэхум зэрыІыгъуу хэтахэм ящыщщ Бахьсэн къалэ округри. Абы къыщыззрагъэпэщащ щэбэт щыхьэхум щІыху миным щІигъум зыкъраГъэхъэлІащ, щэнхабзэм, спортым, егъэджэныгъэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэм, администрацэм я лЫкІуэкэр къыдэкІащ. ЩІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылэжьащ бахьсэндэсхэр: къалэдэсхэм я зэхуэсыпІэ паркыр япхъэнкІащ, лъэс лъагъуэхэм илъ плитхэкэр зэрагъэззэхуэкащ, удзхэм псы щІакІащ. Кременчуг-Константиновкэ къуажэм КІуэ Іэуэгум ибгъуэкэр къабзэ ящІащ. Бахьсэн Іэзэщыпхъэщ, иужьрей махуэ зыбжанэм мы щыналъэм жыгыщІэ пщІы бжыгъэкэр зэрыщыхасар. А псори, дауи, щІащІэр къалэм, районым щыпсэухэм я зэІуэпэщыгъэрщ.

Махуэ къэс ялэжьым хуэдэкІуэу, щэбэт щыхьэхум Іуэху куэд зэрІагъэкІащ къалэ Водоканалым и лэжьакІуэхэми. Абы къедза щы гектарищыр теплъафІэ ящын папщІэ бжыхьэкэр ялащ, удзэкэр къахащ, къабззу зэщІакъуащ. Псыхъэхэм, губгъуэхэм, уэрамхэм пхъэнкІий тонн 12 щыззхуахьэсащ. ЖыпІэнуракъэ, зэпэщу гъатхэм хэбэкъуащ.

Пщэдджьыкъ нэмэзым щыщІэдзауэ щыхьэхум хэлэжьыхьащ налшыкдэсхэри. Ныллшык, Хьэсэнэй, Белая Речкэ жьлэхэм я гъуэгуэгу машинэкІэ ятхъэщІащ, уэрамхэмрэ паркхэмрэ щыхуэхэм ягъэкъэбзащ, Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм зэщІакъуащ и лэжьапІэм кьедза щыпІэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр ильэси 100 зэрырикъум и щыхьэкІэ къызІуаха паркри къагъэзэщІэжащ. Нэгъабэрэй тхьэмпэхэр зэщІакъуэри, ильэс къэс гъагъэ удзыщІахэр хасащ, пэс лъагъуэхэр ягъэкъэбзащ.

Бахьсэн щыналъэм хыхьэ къуажэхэм щэбэт щыхьэхур зэрыщекІуэкІыр пщыдджьыжьым зригъэзэгуащ районым администрацэм и Іэтащхьэ Борсэ Юрэ. А махуэм ялащ щыналъэм ущихьэкІэ щыт стелэр. Кьуэлъкъуэжьи Ищхъэрэм кІуэцІрыкІ, километр 18 зи кІыхьагъ Къубэ-Тэбэ - Кьуэлъкъуэжьи Ипщэ гъуэгур еужьэрэкІыу зэрагъэпэщьэж. Ар «Гъэзэгуфі шынагъуэнщэхэр» лъэпкъ проектым хэту ящІ, мы гъэмахуэм яухыну я мурадщ.

Мэлыжьыхьым и кІэ хьуху кьалэ, районым псомэ лэжьыгъэхэр зэрыщыкІынущ, кьабзэу, дахэу накъыгъэм Іущэн хуэдэу.

ШЫПШ Даянэ.

● Дызэкъуэту

Белгород къикІа сабийхэр ягъафІэ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и адрей хэгъэгуэмэи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мы махуэхэм щохьэщІэ Белгород областым къикІыу ди республикэм зыгъэпсэхуакІуэ къаша цыкІуэхэр. ВСУ-р зыхъуа щІыпІэхэм щыпсэухэр ди республикэм и Іэтащхьэм ящыгъэблэгъащ ди деж зыщагъэпсэхуну, зыщагъэхъужыну, я нэгу зыщыгъэжьыну. НыбжьыщІи 150-м щІигъур Налшык къалэ дэт «Лэгъупыкъу» сабий центрым щопсэу. Абы я узыншагъэм щыкІэлъоплъ, махуэхэр щІэщыгъуэу ягъэкІуэн папщІэ, щэнхабзэ программэхэр хуагъэхьэзыращ, апхуэдэуи езыхэм я ныбжь ди щІэблэр яхэтщ.

ТХЬэМАХУЭ кІуам хьэщІэ цыкІухэр щыІащ «Дыгъафі э къалэм». Ахэр адыгэ джэгукІэ щрагъэблэгъащ еджапІэ пщІантІэм. Иджы ящу лъэпкъ къафэхэм ирихьалІэу адыгэ цыкІухэр утыку кьихьэрт, бысымхэм зрагъэщхьу кьафэрт. Абы Іуэгуэгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я мастер-классхэр щыхуагъэхьэзырати, ныбжьыщІэхэм сурэт ящІащ, хьэпшыпІ цыкІуфэкІуэхэр я Іэкіэ ящыжурэ кьыззащтащ, лъэкъыбзэкэм зыщагъэгъуэзащ, робототехникэм и Іэмалхэм яфІэгъэщІэгъуэну кІэлъыплъащ. Псом хуэмыдэу ягу дихьащ «Дыгъафі э къалэм» щагъэхьэзырэ телескопыр, абы уафэм ит пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэу мин 40-м нэс уегъэльагъу. ЦыкІухэм ягу ирихьащ центрым щыналъэхэми щеджэхэми я зэфІэкІкІэр зэрыныр икІи апхуэдэ еджапІэ щІэсыну зэрагуапэр жаІащ.

Апхуэдэу ныбжьыщІэхэм махуэ къэс я нэгу зыщрагъэужь республикэм и щыпІэ дахэхэм, музейхэм, театрхэм, концерт гъэлъэгъуапІэхэм яшэ.

КъищынэмыщІауэ, езыхэр здэщыІэ «Лэгъупыкъу» зыгъэпсэхупІэм яхуеблагъэри куэдщ. Псом ящу абыхэм ящІэупщІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек икІи я гукъыдэжыр зыхуэдэр, зыхуей-зыхуэныкъуэхэр зригъэщІащ. Махуэ гукъынэж къыхуэзэгъэпэщат УФ-м и МВД-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІхэмрэ абы деж щылажьэ Жылагъуэ советымрэ.

ХьэщІэхэм яхуеблэгъащ министрым и къуэдзэхэу, полицэм и полковникхэу Мамхэгъ Назирэ Бахьуэ Асльэнэрэ. Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъычуэ Руслан, Къэралкіуэці Іуэхухэмкіэ министерствэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Пыхъ МуІэед, нэгъуэщІхэри. Полицэм и лэжьакІуэхэм цыкІуэхэм ирагъэлъэгъуащ хьэхэр хуабжьу сэбэн къаззрыхуэхъур, абыхэм щІэпхъэджащІэхэмрэ Іэщэмрэ къыззрелъыхьуэ, къыззрагъуэт щыкІэхэр. Апхуэдэуи наркотик, сыт хуэдэ лІэужьыгъуэхэр хьэхэм къыззрагъуэтыфри ягъэльэгъащ, аз зэрылъ къэлътмакъыр тхум къахицІыхукІыфащ хьэ гъэсам.

ХьэщІэхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ КъБР-м и МВД-м и унафэщІым и къуэдзэ Мамхэгъ Назир икІи я Іуэхущапіэм кьыбгъдэкІыу Іуащхьэмахуэ и сурэтыр зытет футболкэ зырыз тыгъэ яхуищІащ. МВД-м и лЫкІуэхэм жаІащ сабийхэр тыншу, узыншэу, гукъыдэж яІэу ди республикэм щыІэн папщІэ яхуэзэфІэкІ къызэрамыгъэнэнэр.

ЦыкІухэм я пащхьэ а махуэм уэрэд щыжаІащ «Йокантэ» студием и уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэ, Гъуэдзджэхэмкіэ сабий еджапІэм и гъэсэн Жашуевэ Аленэ, уэрэджыІакІуэхэм я зэпеуэм и лауреат Уэлджэр Миланэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, усакІуэ Жашуев Башир, КъБР-м и цыхубэ артист Текуев Амур, Дым Елдар сымэ.

Белгород къикІа ныбжьыщІэхэр уэрэдхэм дежьуэ, макъамэм я лъэр щІигъэкІыу кьафэу зэхэтащ.

МахуэщІэ къэс ІуэхугъуэщІэкІэ ягъафІэ сабийхэм Къабэрдей-Балъкъэрым зэрыщыІар гуапэу ягу къыззэринэжьынум шэч хэлъкъым.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Хъыбар гуапэ

Нэхущ Чэрим и щІыхь

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и Унафэкіэ, «УФ-м щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр къыфІащащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дэт «Набдзэ», адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ зэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ Нэхущ Чэрим.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Ингушэ республикэхэм я цІыхубэ артист, Абхъаз Республикэм щІыхь зиІэ и артист Нэхущ Чэрим къэралым къыхуигъэфэща щІыхьыщІэ лъагэм щымыгуфІыкІэ къэнакъым мы махуэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбеки телеграм-каналым щехъуэхъуащ артистышхуэм икІи дапэкІэ екъуІэныгъэ иІэну зригуапэр къыхигъэщащ.

Зэрыщыкіу лъандэрэ уэрэд жыІэным дихьэх щІалэм и апэ концертыр 1993 гъэм итауэ щытащ. Абы лъандэрэ цІыхубэм я псэм хэлъу фІыуэ ильагъу Чэрим, Іэгуауэ щхуэ хуаІэт, еэ́ыми емыззэшу адыгэ утыкур егъэбжьыфІэ, махуэщхуэхэр егъэдахэ, гуфІэгъуэ зиІэм деІэт.

И творческэ гъэзугуанэм зэрыщІидзэрэ уэрэд 200-м щІигъу итхащ икІи игъэзэщІащ, лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъэзугурыкІуэ макъамэр иджырей эстрадэм екІуу хиухуэнащ.

Нобэ Чэрим зигу хигъахьуэр Къбэрдей-Балъкъэрым исхэм я закъуэкъым, атІэ ар фІыуэ къыщалъагъу ди къуэш республикэхэми, хамэ хэгъэгуэмэи, нэгъуэщІ къэралхэми. Адыгэ щІэнхабзэм хуищІа хэлъхьэнэкІэ къызэрыплъытэфын пщалъэ гъуэтыгъуейщ Чэрим. Хамэ къэралхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм къыззрагъэпэщ адыгэ щэнхабзэ фестивалхэм ирагъэблагъэу, лъэпкъ эхэщІыкІыр адыгэпсэм щигъэуэшэу апхуэдэщ. Чэрим и зэфІэкІым и инагъыр щигъэлъэгъуэну хуэзфІокІ Урысей Федерацэм и урыс хэгъэгуэхми, ар щІэх-щІэхыуэр хэтщ къэралпсо мыхьэнэ зиІэ зэхьыхэхэм, фестивалхэм, концертхэм, мызэ-мытІэу езым и концерт щитащ къэрал утыку нэхъыщхьэхэми.

Мы махуэхэм интернет напэкІуэцІхэм щызэІэпахьу йохъуэхъу Чэрим, езыми къиритащ псалъэ гуапэу хуагъэфащэр и гуапэ зэрыхъур: «ЩІыхьыщІэ иныр икъуэкІ лъапІэщ си дежкІэ, абы щІэстащ илъэс 30-кІэ езгъэкІуэкІа лэжьыгъэ гугъур, ауэ насыпыфІэ сызыщІар. Абы ипкъ иткІэ, а дамыгъэр апхуэдиз илъэс хуІуэу си уэрэдхэм едаІуэ дэтхэнэ зыми дызогъэш. ФыщІэ фхуэщІ фысщыгъу зэпыту фыкъызэрыздекІуэкІым папщІэ. СыпсэухукІэ схуэзэфІэкІыр сщІэнущ къызэдаІуэкэр зы мащІэкІэ нэхъ насыпыфІэ сщІын папщІэ, сыкъыщалъхуа Хэкум и пщІэр сІэтын щхьэкІэ!».

Дохъуэхъу Чэрим и зэфІэкІым хэхъуэ зэпыту, илэжь Іуэхум къыпэкІуэ хъерыр багъуэу иджыри куэдрэ утыкум итыну, лъэпкъыр игъэбжьыфІэну, хэкур игъэлъапІэну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Жыпхъэщ Іэхэм тету яухуэ

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам Налшык щахуэу поликлиникэ №21-м лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым зыщигъэгъуэзащ. Метр зэбгъуэзнатІэу мини 10 хъу щыналъэм трамщІыкІ, къэтитхуу зэтет унэр дращІеящ, щхьэгъубжэ блыпкъэр халъхьащ, инженер коммуникацэхэр хьэзыр ящІащ, иджы ухуакІуэхэр иужь ихьащ унэм и щІыбымрэ и кІуэцІымрэ зыхуей хуэгъэзэным.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм медицинэ профилактикэмрэ хъыбарегъащІэ технологиехэмкІэ, жылагъуэ узыншагъэмкІэ и центрым и Іэщіагъэлэхэм министрым жраІащ Іэнатіэм ыкьыхьа жыпхъэщІэхэр кьыхахъыпІуэу ухуэныгъэр зэрекІуэкІыр. ПоликлиникэщІэм щеІэзэ-диагностикэ къудамэу 9 иІэнуущ, ахэр фІагъышхуэ зиІэ Іэмэпсымэхэмкіэ къыззгъэпэщауэ щытынущ. Абы хэтынущ эндоскопиемкІэ, реабилитацэмкІэ, функциональнэ диагностикэмкІэ, цыхухэм махуэкІэрэ щеІэзэ къудамэхэр, амбуляторнэу онкологие дэІэпыкъунытэ щрат центр. ІуэхущапІэщІэм щрагъэкІуэкІынущ хирургие, эндоскопие операцэ мыхьэлъэхэр. КъищынэмыщІауэ, абы щыІэжьынущ къэхутэныгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэд щрагъэкІуэкІыну лабораторэ лъэш.

Поликлиникэр щыпхъэнэхуэмэи кьекІуалІэ цыхуэхэми я тыншыпІэм сыт и пІэнякъуэкІи хуэщІауэ щытынущ. Сымаджэхэр чэзум щызэтримыхьэу щызэблэкІыфынущ, абыхэм я щІыхьэпІэхэр зэхэгъэщхьэхэкуІауэ щытынущ, узыфэ зэрыщІалэ зиІэхэм папщІэ Іуэхущапіэм бжэ щхьэхуэ хэлъу. Зэрабзыхуамкіэ, ар хъунущ цІыхухэм я узыншагъэр къыщапщытэ, щрагъэфІэкІуэж, зыхуэныкъуэ дэІэпыкъунытэ псори щагъуэтыну медицинэ центр зэпэщ. Налшык щыпсэухэм къищынэмыщІауэ, республикэм и щІыналъэ псомэ кьикІэм абы зыхуей Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІынущ.

Медицинэ Іуэхущапіэм егъэбыдыпІауэ щытынущ цІыху мин 80-м нэблагъэ, поликлиникэщІэм зы лэжьэгъуэ махуэм цІыху 750-м щакІэпъыпІыфынущ.

Республикэм и цІыхухэм япэ медицинэ дэІэпыкъунытэхэр щратыну Іэнатіэ нэхъ ин дыдэр мы илъэсым и кІэм къызэІуахыну я мурадщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщІэ

2024 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадза зэманыр ихуащ. Арщхьэкіэ къыкІэрыхуахэм ахэр накъыгъэм (майм) щыщІэдзауэ хуахьынущ, и пщІэр дызыхуэкІуэ махуэ гъунэгъуэм щІатмэ.

Мазэ 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 299-рэ кІэлІейкІэ 32-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 271-рэ кІэлІейкІэ 42-рэ.

Ди индексыр П5894

● КъБР-м и Парламентым

Къэрал экзаменхэм зыхуагъэхьэзыр

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и комитетым зэІущІэ иджыблагъэ щекІуэкІащ Егъэджэныгъэм и фІагъыр къыщащІыпІ, егъэджакІуэхэм и Іэзагъэм щыхагъахьуэ центрым.

КУРЫТ еджапІэхэр къэзыуухэм къэрал экзаменхэр зэрагъэтынум зэрыхуэхьэзырым щытепсэлъыхьа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд Іуэхущапіэхэмрэ щыІэ **ДыщэкІ Мадинэ**, республикэм и хабзэубзыку орган нэхъыщхьэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Емуз Нинэ**, КъБР-м и егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ и министр **Езауэ Анзор**, депутатхэр, республикэм и министерствэ зэхуэмыдэхэм, егъэджэныгъэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр.

Емуз Нинэ зэІущІэр къыщыдэІуихым къыхигъэщащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр щат пІалъэр къызэрысар икІи абы еджапІэхэмрэ сабийхэмрэ зэрыхуэгъэхьэзыр тепсэлъыхьныр игъуэ дыдэу къызэрильытэр.

Егоровэ Татьянэ жиІащ къаІэта Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэрикІи абы теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм зыщигъэгъуэзэну фІэфІу зэІущІэм хэтыну ешыми гупыж зэрищІар.

- Курыт еджапІэхэр къэзыуухэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр Іэмал имыІэу ятын хуейуэ Урысейм къызэрыщыхалъхьэрэ илъэс 15 мэхъу, ар зыхуэдэр игъэунэхун зэрыщІадзэ-рэ - илъэс 20-м щІегъу. Нобэр къызэдсым иризодауэ абы и фІагъэмрэ щыщІэныгъэхэмрэ ятеухуауэикІи иджыри щыІэщ а Іэмалыр зыфІэмыкъабгъэхьэр, - жиІащ Егоровэм - Абы щыгъуэми къэтльытэн хуейщ школым къыщІэкІ ныбжьыщІэр зэреджам щыхэт техъуэ и тхылъыр нобэ къыІэрыхьэжьын папщІэ, абы пхыкІын зэрыхуейр. Къыжьи Іапхъэщ ЕГЭ-м зэпымыууэ зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьэри. Абы и щхьэусыгъэр гурыІуэгъуэщ - егъэджэныгъэм зэрызиужьыр, езы еджакІуэхэм я Іуэху епхыкІэр къызэралытэр, нэгъуэщІхэри. Къапщтэмэ, 2009 гъэ ІыландэрФ къэрал экзаменхэр зэрыгагъэт щыкІэм процент 70-80-кІэ зихъуэжащ. Мы Іуэхум и мыхьэнэр зэрыпыр кьегъэльагъуэ УФ-м и Президент-щІэр илъэс къэс Федерацэм Зэхуэсым Зыуэ зыхуигъаззэм абыи гулъытэжхуэ зэрыщыхуиущым. КъызэгъэщІапхъэщ, ЕГЭ-р зэрат щІыкІэм щІэуэ къыхагъахьэнуэхэм зэращыщыр ныбжьыщІэхэм экзаменхэм ящыщ зы иджыри зэ ятыжьину Іэмал зэрарІэнур. Ар къэралым и пашэм къыщыкиГъэщащ и ЗэрызыхуиГъаззэм. КъБР-м и Парламентым и Іуэхум и нэІэ трегъэт, аущ экзаменхэм зэрызыхуагъахьэзырым теухуауэ иджы япэу мыпхуэдэ зэІущІэ егъэкІуэкІыну мурад тщІауэ аращ. Нобэ ди нэкІэ зэдгъэльэгъуащ Егъэджэныгъэм и фІагъыр къыщащІыгъэ, егъэджакІуэхэм я Іэзагъэм щыхагъахьуэ центрым и лэжьыгъэ зэрыхэтыр. ЕджакІуэ минхэм гъэ къэс ят Зыуэ щыт къэрал экзаменыр. Абы къыхэкІыу мыпхуэдэ зэхуэсыр кьызэгъэщакІуэхэм, ныбжьыщІэхэм, адэ-анэхэмэ я дежкІэ щхьэпэну къызэлъытэ.

Езауэ Анзор депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ зэпымыууэ гулъытэ къызэрыхуащІымрэ къызэрыдэІэпыкъуэгъэ папщІэ. Ар тепсэлъыхьащ къэрал экзаменхэр республикэм зэрыщрагъэкІуэкІынум сыт и лъэныкъуэкІи зэрыщыхуэхьэзырым, къэрал экзаменхэр езыгъэт комиссэхэр зэрагъэхьэзырым, видеокІэлъыплъыныгъэкІэ пэшхэр къызэрызэгъэщам, сабийхэм я шынагъэншагъэм я нэІэ зэрытетым Апхуэдэуи министрым къыжиІащ иужьрей илъэсхэм къэрал экзаменхэр тыным епха ныкъусаныгъэ зэрыщымыІар.

- Курыт школ къэзыуухэм я экзаменхэр къызэгъэщыным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым кІыщыпІытащ сом мелуан 39-рэ мин 391-рэ, - жиІащ министрым. - 2024 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ятынущ цІыху 4501-м. ЕГЭ-р здекІуэкІыну щІыпІэр 24-рэ, къэрал кІуэцІ экзаменхэр щатынур 19 хъунущ. Школыр къэзыуухэм нэхъыбэу я ятыну къагъэлъэгъуа дерсхэм ящыщІ информатикэмрэ обществознаниемрэ (процент 46,8-м къагъэлъэгъащ), биологиер, тхыдэр, математикэр, химиер, физикэр. Республикэм и курыт школ псоми щокІуэкІ егъэкІуэкІэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ мы Іуэхум хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэ. А псори къызыхуэтыншІу екІуэкІын папщІэ, мыхьэнэншагъэ иІэщ интернетымрэ электроныкъурмрэ зэрымыуными.

ДыщэкІ Мадинэ щІэупщІащ ебгъуанэ класс къэзыуухэм ящыщу курыт еджапІэхэм щІэкІхэм я бжыгъэр щІэкъуэдым и щхьэусыгъэмрэ ар ЕГЭ-м епхарэ емыпхарэ. Министрым жиІащ иджыпсту апхуэдэ щытыкІэр къэзыгъэсасакъыр псэкІэ зыхащІу. Бынунагъэушхуэм я нэхъыжь Хьэчим щІэныгъэм пщІэ хуэзыщІ, ар зиІэм бгъэдэлъ къуелеягъыр зыхуэдизыр фІыуэ къызыгурыІуэ цІыхут. И щІалэгъуэм Тырким хъэрпыІэзэм щыхуедакъати, абыкІэ щІэныгъэфІ бгъэдэлъ, урыс къэзыгъуазэ щыхуэдакъ. Пльгъэрэ хахуагъэкІэ къымыкІуат Хьэчим Граждан зауэм хэтат, Кьатхэн Назир, Кьалмыкъ БетІал сымэ я гупым хэту. Зэрыбгынймя ящыщу псоми щІэныгъэ зэхъыщІхэ ирамытГэгъуэтыфами, зэщъхьэусэхэм ахэр яГэсащІ пщІэхъхабзэмрэ нэмысымрэ тету, я нагъ - я пщІэ, я нэмыс яхъумэжу, цІыхуГэрэ зэхащІыкІрэ яхапІу. Лудин жиІэжу зэрыщытамкІэ, зыхэпсэукІ зэманымрэ къэралым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэрэ ятещІыхьауэ, зэрыбгынымк ъыхуихущ и фэ къыщищІ, я ныбэ щыныкъуаи, псом хэмыдзу Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ абы къыкІэлъыкІуэ гъеИ илъэсхэмрэ щыгъуэ. Апхуэдэт а пльэхьэнэ хьэпсэм хэкум ис дэтхэнэ унагъуэрэ. АтІэми Хьэчимрэ Гуэщнащхьэрэ хущІэкъуащ къащІэувэ я бынымк гур мыкІуэду, я псэр мыуфІыщІу, гъащІэ хьэлъэм фэжьыжь хэзмыхъуу, дунейр яфІэхьэлэмэту, яфІэІэфІу къэхъуным.

Нэмыцэ зэрыпхъэлажІуэхэр ди щыпІэм ирахужу абы мамыр гащІэр зэрыгъэтраублэжа нэужь, Лудин щІагъэтІысхьащ жьлэм дэт курыт школым. И анэхъилъху нэхъыжьхэр зи щапхъэфІу кьэтэдж щІалэщІэм и гур хуэзІуэхат щІынагъэ зэгъэгъуэтыным. Абы фІэхъэлэмэтт школым щрагъэжь дэтхэнэ предметри, ауэ псом нэхъри нэхъыбэу ар дахъэжьрт дыкъэзэуухъуреиХь дунейм и зэхэлъыкІэхэм ятеухуахэм: ботаникэ, биологие, химие предметхэм. Ныбжьыщ1ым бГъэдэлъ апхуэдэ гулъытэр даІыгът абы и егъэджакІуэхэу Бэрбэч Хуэмей, Гъут Хьэжы-Мухьэмэд, Кьардэнхэ Чэлимэтрэ Жырасейэнрэ, Кьужакей Тамарэ сымэ, нэгъуэщІхэми. Абыхэм я фІыгъэкІэ Лудин щІиджыкІат нэГъуэщІ щІыпІэхэм щыщ урыс ботаник, биолог, химик щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм я кьалэмыпэхэм ябапыкІа тхылъ кудэ. А псори лъабжьэ хуэхъуащ биологие щІэныгъэ ynэтІыныгъэм и гъащІэр триуухэн мурадым. АбыкІэ арэзыт и адэрэ, сыту жыІэпІэрэ зэхъпэм щыцІэрыІуэт зэд хущхъуэхэр зэхуэзыхьэс, абыхэмкІэ цІыхухэм ельэз ящхьжьыфІу.

Сльоным 1954 гъэм курыт школыр къиухащ, къыштекІуэ щымыІэу, икІи щІэныгъэ нэхъыщхьэ зыІэригъэхьэнымиуиж ижьащ. Я пІэщІкІэ абы и мурадащ дзэ-медицинэ еджапІэм кІуэну, арщхьэкІэ республикэм и дзэ комиссариатым къыщыжраІащ а гъэм ди лъахэм щыщ абыхэм ХьащІыуэ. И тхыльхэр къыщтэжри, къыкІэлъыкІуэ илъэсым Лудин щІэтІысхьащ Къбэрдей лединститутым биологиемкІэ и кьудамэм.

КупщафІэу, хьэпсэмэту, щызу ирихьэкІащ студент илъэсхэр Лудин. Дапщащи хуэдэу, ар гупым я пашэт, я гупсэт. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеинщэ щІэщІ зыхуеджэ ynэтІыныгъэм теухуауэ нэхъыбэ зыщІэрищІаным епха ныкъусаныгъэ зэрыщымыІар.

- Курыт школ къэзыуухэм я экзаменхэр къызэгъэщыным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым кІыщыпІытащ сом мелуан 39-рэ мин 391-рэ, - жиІащ министрым. - 2024 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ятынущ цІыху 4501-м. ЕГЭ-р здекІуэкІыну щІыпІэр 24-рэ, къэрал кІуэцІ экзаменхэр щатынур 19 хъунущ. Школыр къэзыуухэм нэхъыбэу я ятыну къагъэлъэгъуа дерсхэм ящыщІ информатикэмрэ обществознаниемрэ (процент 46,8-м къагъэлъэгъащ), биологиер, тхыдэр, математикэр, химиер, физикэр. Республикэм и курыт школ псоми щокІуэкІ егъэкІуэкІэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ мы Іуэхум хэзыгъэгъуэзэ лэжьыгъэ. А псори къызыхуэтыншІу екІуэкІын папщІэ, мыхьэнэншагъэ иІэщ интернетымрэ электроныкъурмрэ зэрымыуными.

ДыщэкІ Мадинэ щІэупщІащ ебгъуанэ класс къэзыуухэм ящыщу курыт еджапІэхэм щІэкІхэм я бжыгъэр щІэкъуэдым и щхьэусыгъэмрэ ар ЕГЭ-м епхарэ емыпхарэ. Министрым жиІащ иджыпсту апхуэдэ щытыкІэр къэзыгъэсасакъыр псэкІэ зыхащІу. Бынунагъэушхуэм я нэхъыжь Хьэчим щІэныгъэм пщІэ хуэзыщІ, ар зиІэм бгъэдэлъ къуелеягъыр зыхуэдизыр фІыуэ къызыгурыІуэ цІыхут. И щІалэгъуэм Тырким хъэрпыІэзэм щыхуедакъати, абыкІэ щІэныгъэфІ бгъэдэлъ, урыс къэзыгъуазэ щыхуэдакъ. Пльгъэрэ хахуагъэкІэ къымыкІуат Хьэчим Граждан зауэм хэтат, Кьатхэн Назир, Кьалмыкъ БетІал сымэ я гупым хэту. Зэрыбгынймя ящыщу псоми щІэныгъэ зэхъыщІхэ ирамытГэгъуэтыфами, зэщъхьэусэхэм ахэр яГэсащІ пщІэхъхабзэмрэ нэмысымрэ тету, я нагъ - я пщІэ, я нэмыс яхъумэжу, цІыхуГэрэ зэхащІыкІрэ яхапІу. Лудин жиІэжу зэрыщытамкІэ, зыхэпсэукІ зэманымрэ къэралым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэрэ ятещІыхьауэ, зэрыбгынымк ъыхуихущ и фэ къыщищІ, я ныбэ щыныкъуаи, псом хэмыдзу Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ абы къыкІэлъыкІуэ гъеИ илъэсхэмрэ щыгъуэ. Апхуэдэт а пльэхьэнэ хьэпсэм хэкум ис дэтхэнэ унагъуэрэ. АтІэми Хьэчимрэ Гуэщнащхьэрэ хущІэкъуащ къащІэувэ я бынымк гур мыкІуэду, я псэр мыуфІыщІу, гъащІэ хьэлъэм фэжьыжь хэзмыхъуу, дунейр яфІэхьэлэмэту, яфІэІэфІу къэхъуным.

Нэмыцэ зэрыпхъэлажІуэхэр ди щыпІэм ирахужу абы мамыр гащІэр зэрыгъэтраублэжа нэужь, Лудин щІагъэтІысхьащ жьлэм дэт курыт школым. И анэхъилъху нэхъыжьхэр зи щапхъэфІу кьэтэдж щІалэщІэм и гур хуэзІуэхат щІынагъэ зэгъэгъуэтыным. Абы фІэхъэлэмэтт школым щрагъэжь дэтхэнэ предметри, ауэ псом нэхъри нэхъыбэу ар дахъэжьрт дыкъэзэуухъуреиХь дунейм и зэхэлъыкІэхэм ятеухуахэм: ботаникэ, биологие, химие предметхэм. НыбжьыщІэм бГъэдэлъ апхуэдэ гулъытэр даІыгът абы и егъэджакІуэхэу Бэрбэч Хуэмей, Гъут Хьэжы-Мухьэмэд, Кьардэнхэ Чэлимэтрэ Жырасейэнрэ, Кьужакей Тамарэ сымэ, нэгъуэщІхэми. Абыхэм я фІыгъэкІэ Лудин щІиджыкІат нэГъуэщІ щІыпІэхэм щыщ урыс ботаник, биолог, химик щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм я кьалэмыпэхэм ябапыкІа тхылъ кудэ. А псори лъабжьэ хуэхъуащ биологие щІэныгъэ ynэтІыныгъэм и гъащІэр триуухэн мурадым. АбыкІэ арэзыт и адэрэ, сыту жыІэпІэрэ зэхъпэм щыцІэрыІуэт зэд хущхъуэхэр зэхуэзыхьэс, абыхэмкІэ цІыхухэм ельэз ящхьжьыфІу.

Сльоным 1954 гъэм курыт школыр къиухащ, къыштекІуэ щымыІэу, икІи щІэныгъэ нэхъыщхьэ зыІэригъэхьэнымиуиж ижьащ. Я пІэщІкІэ абы и мурадащ дзэ-медицинэ еджапІэм кІуэну, арщхьэкІэ республикэм и дзэ комиссариатым къыщыжраІащ а гъэм ди лъахэм щыщ абыхэм хьащІыуэ. И тхыльхэр къыщтэжри, къыкІэлъыкІуэ илъэсым Лудин щІэтІысхьащ Къбэрдей лединститутым биологиемкІэ и кьудамэм.

КупщафІэу, хьэпсэмэту, щызу ирихьэкІащ студент илъэсхэр Лудин. Дапщащи хуэдэу, ар гупым я пашэт, я гупсэт. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеинщэ щІэщІ зыхуеджэ ynэтІыныгъэм теухуауэ нэхъыбэ зыщІэрищІаным абы къыралым и цІыхухэр имыгъэгубжьу къанэркъым. Нэмыцэ правительствэм и мурадщ Украинэм кІэлъыплъыкІахэм теухуауэ унафэ кІищтэну, ауэ ар зыхуэдэным и хъыбар зэкІэ зыІуакъым.

Мэлыжьыхьым и 16, *гъубж*

♦ **Макъым и дунейпсо махуэщ**

♦ **1905 гъэм** Урысейм и япэ профсоюзыр - печатым и лэжьакІуэхэм ейр - къызэрагъэпэщащ.

♦ **1920 гъэм** цІыхубэ милицием и Налшык управленэр къызэрагъэпэщащ.

♦ **1934 гъэм** СССР-м и Гъэзэщакіуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэкІэ Іэпхъэлакуэ ЦІыху и мелуаным щІигъу щыІэщ, абыхэм ящыщу процент 20-р Іэнатіэ Іувващ. Зыльэгъуакъэм къызэрыхагъэщыпкІэ, къэІэпхъуакъэм гуманитар дэпкІэпхъунигъэу ират ерыскъыхэр хьІфІадзэ, абы къэралым и цІыхухэр имыгъэгубжьу къанэркъым. Нэмыцэ правительствэм и мурадщ Украинэм кІэлъыплъыкІахэм теухуауэ унафэ кІищтэну, ауэ ар зыхуэдэным и хъыбар зэкІэ зыІуакъым.

Мэлыжьыхьым и 16, *гъубж*

♦ Гемофилием (лъыр пщІэным пыща узыфащ) и дунейпсо махуэщ

♦ Циркым и дунейпсо махуэщ

♦ ПсО-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и органхэмрэ къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ я ветеранхэм я махуэщ

♦ **1927 гъэм** къалъхуащ уэрджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артистхэ **КІуащ Верэ**.

♦ **1929 гъэм** къалъхуащ Социалист Лжжьыгъэм и ЛІыхъужь, РСФСР-м щІыхь зиІэ и машинэхуэхэ **Ахъуэжьэ Анатолэ**.

♦ **1955 гъэм** къалъхуащ «Краснодарпроектстрой» Іуэхущапіэм и унафэщІу щыта, Краснодар крайм и Хабзэубзыку Зэхуэсым и депутат, УФ-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ **Тутэрыщ Батырбий**.

♦ **1971 гъэм** къалъхуащ юридическэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, БКБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дол Анжелэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуэдэр градус 20 - 27-рэ, жэщым градус 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Акъыл зимыІэм насып иІэхъым.

Еджагъэшхуэм и Іэужь нэхухэр

Биологие щІэныгъэмкІэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм цІыхуэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыныжьмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Слъон Лудин Хьэчим и къуэр (1934 - 2021) адыгэ лъэпкъым и къуэ пажэхэм, дунейм ІэужьыифІ къыщызыгъэнахэм щыщ. Урысейм Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и академиемрэ (РАЕ) и член-корреспондент, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ и академикуэ щыта еджагъэшхуэр Кавказ Ищхъэрэм и физиологхэм, экологхэм, лихенологхэм я щІэныгъэ школым и къызэгъэпэщакІуэт, Урысей Ботаникэ зэгухьэныгъэм щыхь зиІэ и член. Лудин псэущ, и дэтхэнэ махуэрэ ІуэхугъуэфэхэмкІэ, купщафІэхэмкІэ гъэнщІагъэ. Мы махуэхэм илъэс 90 ирокъу а лъэпкъ еджагъэшхуэр къызэралъхурэ.

СЛЪОН Лудин къикІуа гъэзугаиэм кьанэ щымыІэу хуэпхь хъунущ адыгэхэм я щІэщІмк къыддекІуэкІ лъэпкъ Іущыгъэхэм ящыщу «ГъащІэр матэщІэдзакъым» жыІэгъэр. Абы и гъащІэм хэтащ гугъуехьэхэр зэрыщыгъуэ, лъэпопщхьэпохэри ехъулІэныгъэхэри.

Шэрэдж щыналъэм хыхьэ Аушыджэр хуажэм 1934 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м къыщалъхуащ ар. Слъонхэ Хьэчимрэ Гуэщнащхьэрэ (ар Аруан жылэм щыщт, Вэрмахуэкэ ятхъут) зэдагъуэта бынийм я ебланэт Лудин. Зэкъуэшхэу Жэмалдин, Жэмал, Чэмал, Лиуан, Азэмэт (ар пасэу дунейм ехыжащ), Лудин, Инал сымэ къэхъурт, адэ-анэм я жьІэм щІэту, быным я нэхъыжь я щыпхъу закъуэ Жангулэз фІыщІу ялъагъурэ анэ пэпльтэу къэзэрыхуэсакъыр псэкІэ зыхащІу. Бынунагъэушхуэм я нэхъыжь Хьэчим щІэныгъэм пщІэ хуэзыщІ, ар зиІэм бгъэдэлъ къуелеягъыр зыхуэдизыр фІыуэ къызыгурыІуэ цІыхут. И щІалэгъуэм Тырким хъэрпыІэзэм щыхуедакъати, абыкІэ щІэныгъэфІ бгъэдэлъ, урыс къэзыгъуазэ щыхуэдакъ. Пльгъэрэ хахуагъэкІэ къымыкІуат Хьэчим Граждан зауэм хэтат, Кьатхэн Назир, Кьалмыкъ БетІал сымэ я гупым хэту. Зэрыбгынймя ящыщу псоми щІэныгъэ зэхъыщІхэ ирамытГэгъуэтыфами, зэщъхьэусэхэм ахэр яГэсащІ пщІэхъхабзэмрэ нэмысымрэ тету, я нагъ - я пщІэ, я нэмыс яхъумэжу, цІыхуГэрэ зэхащІыкІрэ яхапІу. Лудин жиІэжу зэрыщытамкІэ, зыхэпсэукІ зэманымрэ къэралым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэрэ ятещІыхьауэ, зэрыбгынымк ъыхуихущ и фэ къыщищІ, я ныбэ щыныкъуаи, псом хэмыдзу Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ абы къыкІэлъыкІуэ гъеИ илъэсхэмрэ щыгъуэ. Апхуэдэт а пльэхьэнэ хьэпсэм хэкум ис дэтхэнэ унагъуэрэ. АтІэми Хьэчимрэ Гуэщнащхьэрэ хущІэкъуащ къащІэувэ я бынымк гур мыкІуэду, я псэр мыуфІыщІу, гъащІэ хьэлъэм фэжьыжь хэзмыхъуу, дунейр яфІэхьэлэмэту, яфІэІэфІу къэхъуным.

Нэмыцэ зэрыпхъэлажІуэхэр ди щыпІэм ирахужу абы мамыр гащІэр зэрыгъэтраублэжа нэужь, Лудин щІагъэтІысхьащ жьлэм дэт курыт школым. И анэхъилъху нэхъыжьхэр зи щапхъэфІу кьэтэдж щІалэщІэм и гур хуэзІуэхат щІынагъэ зэгъэгъуэтыным. Абы фІэхъэлэмэтт школым щрагъэжь дэтхэнэ предметри, ауэ псом нэхъри нэхъыбэу ар дахъэжьрт дыкъэзэуухъуреиХь дунейм и зэхэлъыкІэхэм ятеухуахэм: ботаникэ, биологие, химие предметхэм. НыбжьыщІэм бГъэдэлъ апхуэдэ гулъытэр даІыгът абы и егъэджакІуэхэу Бэрбэч Хуэмей, Гъут Хьэжы-Мухьэмэд, Кьардэнхэ Чэлимэтрэ Жырасейэнрэ, Кьужакей Тамарэ сымэ, нэгъуэщІхэми. Абыхэм я фІыгъэкІэ Лудин щІиджыкІат нэГъуэщІ щІыпІэхэм щыщ урыс ботаник, биолог, химик щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм я кьалэмыпэхэм ябапыкІа тхылъ кудэ. А псори лъабжьэ хуэхъуащ биологие щІэныгъэ ynэтІыныгъэм и гъащІэр триуухэн мурадым. АбыкІэ арэзыт и адэрэ, сыту жыІэпІэрэ зэхъпэм щыцІэрыІуэт зэд хущхъуэхэр зэхуэзыхьэс, абыхэмкІэ цІыхухэм ельэз ящхьжьыфІу.

Сльоным 1954 гъэм курыт школыр къиухащ, къыштекІуэ щымыІэу, икІи щІэныгъэ нэхъыщхьэ зыІэригъэхьэнымиуиж ижьащ. Я пІэщІкІэ абы и мурадащ дзэ-медицинэ еджапІэм кІуэну, арщхьэкІэ республикэм и дзэ комиссариатым къыщыжраІащ а гъэм ди лъахэм щыщ абыхэм хьащІыуэ. И тхыльхэр къыщтэжри, къыкІэлъыкІуэ илъэсым Лудин щІэтІысхьащ Къбэрдей лединститутым биологиемкІэ и кьудамэм.

КупщафІэу, хьэпсэмэту, щызу ирихьэкІащ студент илъэсхэр Лудин. Дапщащи хуэдэу, ар гупым я пашэт, я гупсэт. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеинщэ щІэщІ зыхуеджэ ynэтІыныгъэм теухуауэ нэхъыбэ зыщІэрищІаным абы къыралым и цІыхухэр имыгъэгубжьу къанэркъым. Нэмыцэ правительствэм и мурадщ Украинэм кІэлъыплъыкІахэм теухуауэ унафэ кІищтэну, ауэ ар зыхуэдэным и хъыбар зэкІэ зыІуакъым.

Ауэ ар зыхуэдэным и хъыбар зэкІэ зыІуакъым. Апхуэдэу абы еджапІэ нэхъыщхьэм биологиемкІэ и кьудамэр фІы дыдэу къиухащ, къыддекІуэкІ зэзугъэнахэмэ я гум къинауэ, щІэныгъэфІ зригъэгъуэтауэ.

КъБКъУ-м и щІэныгъэлІхэм я чэнджэщкІэ, 1960 гъэм щалэщІэр Тэн Іус Ростов къалэм дэт къэрал университетым и аспирантурэм кІуащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и физиологиемрэ генетикамкІэ кафедрэм епхауэ. КъБКъУ-м щыщеджэжа зэманмэ къэхутэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм дихьэхыу, ахэр зэфІэзыхыу щыта Лудин абыи щыщапхъэу щытащ. Аспирантурэр екъуІэныгъэкІэ кьиухри, щІэныгъэлІ цІыхубэ Матухин Григорий и нэІэм щІэту игъэхъэзыра, блэжІа илъэсхэм зэфІиха къэхутэныгъэр щагъэкІуэкІа лабораторэр, зытелщыха къэкІыгъэхэр зрагъэлъагъуну щІэныгъэлІ куэд кьакІуэу щытащ ди республикэм.

ЩІэныгъэ лэжьыгъэщІэм хуабжьу щыгуфІыкІахэм ящыщащ профессор цІэрыІуэ КІэрэф Къамболэти, сыту жыІэмэ ди республикэм дежкІи ар екъуІэныгъэшхуэт - къэбэрдей адыгэхэм ящыщу «биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор» цІэ лъапІэр япэу зыфІащауэ щытар Слъон Лудинт. А щІэныгъэ ynэтІыныгъэм апхуэдэу уи цІэр къыхэбгэнэфІ ІэужьыифІтэкъэ-тІэ адыгэ еджагъэшхуэм и дежкІэ!

Лъэпкъ щІэныгъэлІым дунейпсо щІалэ пщІэ лъагэмрэ зэфІэкІ инымрэ щыхьэт техъуэхэм ящыщу абы Европалатэм (Eurochambers) къыхуищІауэ щыта гулъытэ лъагэр. Абы ищІа унафэм ипкъ иткІэ, Слъон Лудин къыхуагъэфэщащ зи лэжьыгъэфІхэмкІэ унафэм ират хабзэ дамыгъэ лъапІэри - «Бгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэхэм папщІэ» медалымрэ щІыхь тхылъымрэ. А псоми еджагъэшхуэр хуэзышар бгъэдэлъ цІыхугъэ лъагэмрэ щІэныгъэ куумрэщ, акъылфІагъымрэ къэухъ кьулеймрэщ. ЩІэныгъэлІым илъэс куэдкІэ зэфІиха лэжьыгъэ хьэлэлым кьыпэжьащ нэгъуэщІ дамыгъэхэри, щІыхь, фІыщІэ тхылъхэри.

ЩІэныгъэм и уэзщІакІуэ щыпкъэр ящыщащ Тхъэшхуэр унагъуэ дахэкІэ зыхуэупсэхэми. Лудинрэ и щхьэгъуэ Минсурэрэ унагъуэ дахэ яухуат. Адыгейм и Кэушъхэблэ жылэм щыщ, Бэтмэн Хьэжбырам итхъу Минсурэ и щІэныгъэ ынтІыныгъэ. Зэщъхьэгъэсэхэм бынитІ зэдагъэтащ, ахэр адыгэ хабзэм и мардзэм тету яГэсащ, щІэныгъэ, Іэщ1агъэ ираташ, гъащІэм гъэзгу гъэ щыгтрагъэуваш. Ларисэ экономикэм щІэщІагъэм хуеджащ, Тимур и адэм и лъэужьым ирокІуэ. Ар биологие щІэныгъэхэмкІэ кандидатащ, доцентщ, РАЕ-м и профессоргу. Тимурщ Лудин къызэригъэпэщащэу щыта «Гербарий» щІэныгъэ лабораторэм и пашэр.

Лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэнагъэ ин хуэзыщІа еджагъэшхуэу щытащ Слъон Лудин Хьэчим и къуэр. Къыдэлэжьахэм, зыцІыхуу щытахэм зэрыжаІэмкІэ, зи кьалэнхэр къызыхэутынщэу, хьэлэлу езыхьэкІа щІэныгъэлІым лъэужьыкІ, Іэужь нэху къыгъэнащ. Слъон Лудин и щІэныгъэ щІэныр уасэ зимыІэ хьугъэфІыгъуэщ, пщІэшхуэ хуэщІын, зегъэубгъуж хуейщ. А Іуэхугъуэхэр зыхуэлъэкІын щІэныгъэлІ мымащІи иужь ькриначь еджагъэшхуэм. Аращ адыгэ псалъэжьмк щІыжиІэр: «ІэужьыифІ зиІэм щІэн жьыкІэ пщІэ хуигъащІ».

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● УФСБ-м къет

Жыгъэр ириупщІыкІырт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм щыІуэпс хьугъуэфІыгъуэхэр зэхэдгъуэным пэщІэт Іуэхуэхэр ирагъэкІуэкІыну къыІэпаудащ илъэс 37-рэ зи ныбжь, Лэскэн районым щыпсэуам илэжь щІэпхъаджагъэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКІЭ, хуит зыщІ тхылъхэр имыІэу, «Лэскэн мэзыльэ» жиІащ Іуэхущапіэм Аргудан щыналъэм щиІэ щыпІэм абы жьыгъэр щыпиупщІащ.

ШІэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къыІэтащ 260-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм къыщыдэкІа щІэпхъаджагъэм ипкъ иткІэ. Абы къызэрыщыІуэтэжащ, ар илъэси 7-м нэскІэ яГэстыпсынкІэ хъунущ.

Улахуэм эхІэбащ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм, экономикэм ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэм пэщІэт Іуэхуэхэр ирагъэкІуэкІыну, къыщІагъэщащ Аруан районым Капитальнэ ухуэныгъэмкІэ и управленэм и лэжьакІуэр, улахуэм ехьэлІауэ хьыбар нэпцІэхэр къигъэльагъуэурэ, бюджет ахъшэм зэрыхэлэбар.

УФ-м и СК-м и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям 3-нэ Іыхьэм, 292-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къыщыкІуа щІэпхъаджагъэмкІэ ар игъэкъуэнэсу икІи абы илъэси 6-м нэблагъэ тралъхьанкІэ мэхъу.

БАХЪСЭН Ланэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Лэжьапщ1эм хэхъуэнущ

УФ-м и Президент Путин Владимир Правительствэм пщэрылъ щащІ 2030 гъэм ирихьэлІэу цІыхухэм нэхъ щІэ дыдэу къахь лэжьапщІэр сом мин 35-м нагъэсыну. Абы ирихьэлІэу къэралым тхьэмыщкІагъэр къэзыгъэлъагъуэ и мардэхэр проценти 7 нэхърэ нэхъ мащІэ хъун хуейщ. Иджыпсту ар процент 9 мэхъу.

КЪИЩЫНЭМЫЩІАУЭ, къэралым и Іэтащхьэм унафэ ищІащ илъэсым проценти 6 зытехьэ унагъуэ ипотекэмрэ я псэупІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ бын куэд зиІэ адэ-анэхэм къащта кредитыр ирапшынысыну хуаутІыпщсом мин 450-рэ хуэ ахъшэмрэ зэрыратыну пІалъэм иджыри илъэсихкІэ къыпащэну.

2023 гъэм Урысейм нэхъ мащІэ дыдэу къыщащІ щыта улахуэр сом 16 242-рэ хъурт. 2024 гъэм и щыІэшІэ мазэм щегъэжьауэ абы процент 18,5-кІэ хэхъуащ икІи сом 19 242-м нагъэсащ.

«МРОТ-р зэрыхэхъуэным зыкъыригъэтынущ экономикэми бюджет Іэнатіэми щат упахуэхэм. КъыгпэщІыпІ Іэхъур тыншкъым, ауэ ар Іэмал имыІэу зэдгъэхъунІэн хуейхэм ящыщщ», - къыхигъэщащ

«Іуащхьэмахуэ, Махуэгъэпс» романым сыкъыщеджэм

Къанэкъуэ Заринэ и ныпэ прозэ тхылъ Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэжІащ. «Іуащхьэмахуэ, Махуэгъэпс». Мы романыр «магический реализм» жанрым иту гъэпсыжащ. ЩІэздзкІакІуэхэр зэмыса жанрыщІэр щІэщІгъуэу, зыхуэи хуэзэу, гъэщІэгъуэну зэхэуухуэнарэ узыпхъуэтэ сюжет иІэу ыкъехъуІащ. «Роман стхыну сытеэыгъэгушхуэр, абыкІэ къыслыгуГъэр Нинэщ, Щоджэнцыкіу Іэдэм ипхъу, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хамэ къэрал литературэмкІэ и кафедрэм куэдрэ щылэжьа си ныбжьэгъу нэхъыжьыщ. Си жагъуэ зэрыхъущи, романым щыщу Іыхьэ щанэращ Нинэ зэхихар - макъкІэ сыкъыхуеджат, и нэм ильагъужрэтхыеми. Си егъэджакІуэр къызэрыслыгугъыр ди литературэм щІэ гуэр хэслъхьэну, тхыгъэ щІэщІыгъуэ утыку кьисхьэну арат. ЗэдэІуар иГу ирихьауэ жиІащ. Тхыгъэр и жанркІэ сытым нэхъ хуэкІуэрэ жыслъэ сыщеупщІым, «Хьэуэ, авторский миф фкъуымыгъэльагъэуэ, мыр магический реализмщ» - жиІащ. Сэ ящэрейм нэхъ хуэзгъакІуэрт, ауэ литературэм си гъащІэр хуэзыгъэпса профессорм фІицам арэзы сытехъуащ.

Сабиигъуэм, щІалэгъуэм, жьыгъэм нэхъ гукъанэу, зэгупсысыпхъэу хэтхэр тхакІуэм зэхегъэщцэхуэкІ лІыхъужьхэм я хьэл-щэнхэмкІэ, шыфэлІыфэхэмкІэ, ІуэхущІафэхэмкІэ. «Магический реализм» жыхуэтІэ жанрым щиткІэ, романым щекІуэкІ гъэзэжьыпІэ, лъэныкъуэтІу зэпыгъэщхьэхукІа хуэдэурэ къоКІуэ. Зы лъэныкъуэр дзэсэкарэ зыхэтщІыкІ гъащІэ екІуэкІыкІащи, лІыхъужьхэм я щхьэ къринкІуэхэм щхьэусыгъуэ гуэрхэр кІахуегъуэт, я гъащІэмрэ, кІыхьэрэ зэпымыууэ щыхьэхьэзоуэ. ЛІыхъужьхэм я хьэл-щэнхэм, зэпощхьэпохэм зэрыщыхьэдэхым, кІалъыкъуэкІ Іуэхуэхэм зэрыхэкІым теухуауэ дэ ахэр е догъэзахуэу, е догъэкъуанщэ, е я пІэм зидгъэувэну и уэрэд дыхэри - хэкІыпІэ дгъуэнгрэкъым. Апхуэдэхэм деж сыт тхакІуэм ищІэр? Мис а удыгъэ, мэгъуГъэ хуэдэхэмкІэ жэуап кІыдет: «НэгъуэщІ кІуапІэ иІэтэкъым, фІэкІыпІэнщэт, мэгъуГъэм ильэхъэт, и гупсысэр яГъэутхъуэрт, кІыфІыгъэр къытеклуэрт» жыхуиІэу. ТхакІуэр и лІыхъужьхэм кІащхьэщІыж хуэдэщ. Псалъэм щхьэкІэ, Улэ и сабийр кьиГанэу щхьэ ежьэжа жьитІу дэ ар дгъэнкъуанщэ, езым абы пІэлэщІэ зищІкІэрэ кьихъумуаэ, Іуэху къэзыщІа къару фІыцІэхэм яІэщІигъэкІын щхьэкІэ езыр къыбгъэдэкІуэтаУэ къыдеІуэкІ.

Зэхэзещхъуэн уищІу, уигъэгуитІщхитІу, зэми и ІуэхущІафэхэм укьагъэуІэбжьу романым щіапхъишащ Улэ и образыр. Тхакіуэм ар дегъэщІыху бзыпхъугъэ зэкІуэжу, зэпІэзэрыту, и щэнкІи гурыхъу. Улэ и хъэныхъуреихьэр игу дэмыхьэ хуэдэу, абыхэм ящэхьэхуэ хуэдэу щытщ и хьэлыр. Дунейр кьигъэнауэ гупсысэхэм щыпсэуям ярейщ. Дысэ зымыутІупщ удыгъэ Іуэхуэр быними кьыльэІэс мэхъу, абы и псэр ирашажьэ, зэхэзещхъуэн ящІырэ къаутІыпщыж, аргуэрии къагъэшынэ. Улэ Майе щхьэкІэ мэгуэавэ, щІэгуэзаврэ зыми жриІ хъурэкъым. Иужьым Улэ ираубыдыпІапэри, Майе кьигъэнэн хуей мэхъу, и унагъуэр ебгъанэ. Мэзкуу Іэпхъуэ нэужь, Улэ и быным егупсысу, апхуэдэ гурыгъэхэр кьытехьэлъэу кьыхъущыкрыпхъ тхыгъэм. Абы кьыхэкІыу гу щыІагъ гуэри дэпльагъэнкІэ хъынщ. Ауэ тхакІуэм Іэнатіэ гуэрхэр кьегъэсэбэпри, абы кьиГэнэа унагъэуэм гупсысэкІэ кьаззэрыпщІар, кьиззэрыфІэІуэхур кьыджеІэ. Зэанэзэпхъуэр зэпыІукІуэтащ, зэрыщІэркъым, зэпсалъэркъым. Ауэ, итІани, Майе и анэм гуапагъэ и гум хуитьу кьыдоКІуэтей, псэкІэ зыхиущІа хуэдзщ анэм кьыщІигъэнам хэпъ щхэур. ИужькІэ, Улэ ибгынаэм и сэбэп къаригъэкІыуэр дольагъу. Аращ лъэхъуэщым иС Пагуэ къаутІыпщыжьым хэлІыфІыкъыр. Техутн Москва ешэри ебжэнІэ щІегъэтІысжьащ.

